

# Grenn Kontrasepsyon pou Ijans (EC)

## Kisa Grenn kontrasepsyon pou Ijans (emergency contraceptive, EC) ye

- EC rele souvan **Plan B** oswa **maten apre ou pran grenn**.
- EC se yon grenn (oswa 2) ki ede ou pa vin ansent apre ou fè bagay san pwoteksyon.
- Gen 2 kalite EC: "Levonòjestrèl" ak "Ilipristal".

## Kijan pou mwen itilize EC?

- Ou kapab pran EC jiska 5 jou apre ou fè bagay san pwoteksyon. **Tank ou pran li pi vit, tank li travay pi byen.**
- Si bwat ou gen 2 grenn, pran yo anmenmtan.
- EC pa gen okenn danje epi li bon pou pran plis pase yon fwa.
- Si ou ansent deja, EC p ap fè anyen pou ou

## Kijan m ap santi mwen apre mwen pran EC?

- Ou ka santi ou malad enpe nan lestomak ou. Eseye manje anvan ou pran EC pou ede ou.
- Ou ka gen tach san oswa yon règ okonplè. Ou ka gen pwochen règ ou bonè oswa anreta.

## Konbyen lajan EC koute?

- Si ou ale nan yon famasi ou ka achte EC pou for \$35-\$60. **Pa gen pwoblèm pou laj ou ye a.**
- Si ou resevwa yon preskripsyon nan men yon doktè, asirans ou ka peye pou li.

# Levonojestrèl

- Medikaman sa a gen anpil diferan non komèsyal men yo tout travay menm jan!
- Men kèk non komèsyal ou ka wè. Sa yo se pa tout non komèsyal yo, men gen lòt non komèsyal tou.



# Ulipristal (Ella)

- Ella se yon lòt kalite EC.
- Si ou twò gwo, Ella ka travay pi byen pou ou nan ede ou pa vin ansent.
- Ella travay menm jan pandan 5 jou apre ou fè bagay san pwoteksyon
- Ou pa kapab itilize metòd kontrasepsyon ki gen òmòn pandan 5 jou apre ou itilize Ella.
- Ou bezwen yon preskripsyon doktè ou pou resevwa Ella.



**Si ou gen difikilte pou jwenn EC, pale ak edikatè sante CHN ou**